

## Piblisite Pou Travay- Transparans nan Salè

Apati 1ye novanm 2022, patwon yo k ap fè piblisite pou djòb nan Vil Nouyòk dwe genyen yon echèl salè an bònfwà pou chak travay, pwomosyon, ak opòtinite transfè yo anonse.

Komisyon Vil Nouyòk sou Dwa Moun se yon resous pou ede travayè yo ak anplwayè yo konprann dwa ak obligasyon yo dapre Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk (NYCHRL). Dokiman sa a bay enfòmasyon konsènan dispozisyon NYCHRL sou transparans salè yo, ki te adopte 15 janvyè 2022, epi ki te amande 12 me 2022.

### Èske nouvo lwa sa a aplike pou travay afiche yo?

Tout patwon yo ki gen kat (4) oswa plis anplwaye oswa youn oswa plis travayè domestik yo kouvri anba NYCHRL, ki enkli nouvo dispozisyon lalwa a. Menm jan ak lòt dispozisyon NYCHRL, pwopriyetè ak patwon endividyèl yo konte pou kat (4) anplwaye yo. Kat anplwaye yo pa bezwen travay nan menm kote, epi yo tout pa oblije travay nan Vil Nouyòk. Toutotan youn nan anplwaye yo ap travay nan Vil Nouyòk, espas travay la kouvri.

Nouvo lwa a kouvri tou Ajans Travay yo, kèlkeswa gwose yo. Kidonk, ajans travay yo dwe garanti nenpòt lis òf travay yo ap pwomote oswa chèche ranpli dwe konfòme yo ak nouvo kondisyon yo sou transparans nan salè.

Eksepsyon Konpayi Èd Tanporè: Nouvo lwa a pa aplike pou konpayi k ap bay èd tanporè k ap chèche aplikan pou rantre nan gwoup travayè ki disponib yo. Konpayi èd tanporè yo se biznis k ap rekrute, anboche, ak plase pwòp anplwaye yo pou fè travay oswa sèvis pou lòt òganizasyon, pou sipòte oswa konplete mendèv lòt òganizasyon an, oswa pou bay asistans nan sitiyasyon travay espesyal. Men, patwon yo k ap travay ak konpayi èd tanporè yo dwe swiv nouvo lwa sou transparans nan salè yo.

### Ki lis òf travay ki kouvri anba nouvo lwa a?

Nouvo lwa a kouvri nenpòt piblisite k ap fèt pou yon travay, pwomosyon oswa opòtinite transfè ki ta ap fèt nan Vil Nouyòk. Yon "piblisite" se yon deskripsyon alekri sou yon travay ki disponib, pwomosyon, oswa transfè opòtinite yo pibliye bay yon gwoup aplikan posib yo. Jan de piblisite sa yo kouvri kèlkeswa mwayen yo itilize pou anonse yo. Lis ki kouvri yo enkli afich sou tablo afichaj entèn yo, piblisite sou entènèt, feyè enprime yo distribye nan fwa travay, ak piblisite nan journal. Lwa a pa entèdi patwon yo anboche san yo pa itilize yon piblisite oswa li pa mande patwon yo pou kreye yon piblisite kòm kondisyon pou yo ka anboche.

Patwon ki kouvri yo ta dwe suiv nouvo lwa a lè y ap fè piblisite pou pòs ki kapab oswa ki pral fèt, an antye oswa an pati, nan Vil Nouyòk, kit se nan yon biwo, nan jaden, oswa adistans nan kay anplwaye a. Paske pwoteksyon NYCHRL yo pwolonje pou anpil gwoup travayè, afichaj yo kouvri kèlkeswa si yo ap chèche anplwaye apentan oswa a tan pasyèl, entèn, travayè domestik, kontraktè endepandan, oswa nenpòt lòt kategori travayè ki pwoteje anba NYCHRL la.

### Ki enfòmasyon ki dwe enkli nan piblisite travay ki kouvri yo?

Patwon yo dwe endike salè minimòm ak maksimòm an bònfwà yo dispoze pou peye nan moman y ap afiche dyòb yo ap fè piblisite pou li a, pwomosyon oswa opòtinite pou transfè. "An bòn fwa" vle di entèval salè a patwon an onètman kwè nan moman l ap fè piblisite pou travay la li dispoze peye aplikan (yo) ki reyisi jwenn dyòb la.

Patwon yo dwe genyen toulède yon minimòm ak yon maksimòm salè; entèval la pa gendwa louvri fini. Pa egzanp, "\$15 pa èdtan ak plis" oswa "maksimòm \$50,000 pa ane" ta gen dwa pa konsistan avèk nouvo kondisyon yo. Si yon patwon pa gen fleksibilite nan salè li ap ofri a, salè minimòm ak maksimòm nan gendwa idantik, pa egzanp, "\$20 pa èdtan." Piblisite ki kouvri plizyè djòb, pwomosyon, oswa opòtinite pou transfè ka gen ladan entèval salè yo ki espesifik pou chak opòtinite.

Salè gen ladan salè de baz anyèl oswa salè pa èdtan oswa frekans peman, kèlkeswa frekans peman an. Pa egzanp, li ta gen ladan yon salè pa èdtan \$15 pa èdtan oswa yon salè anyèl \$50,000 pa ane.

Salè pa enkli lòt fòm konpansasyon oswa avantaj yo ofri anrapò ak travay yo anonse a, pwomosyon oswa opòtinite pou transfè a, tankou:

- Asirans sante, vi, oswa lòt asirans patwon an ofri
- Konje travay ki peye oswa ki pa peye, tankou konje maladi oswa konje vakans peye, konje absans oswa konje sabatik
- Disponibilite oswa kontribisyon nan fon pou retrèt oswa nan lajan depay, tankou plan 401(k) oswa plan pansyon patwon an finanse.
- Peman pou revokasyon
- Peman pou lè travay siplemantè
- Lòt fòm konpansasyon, tankou komisyon, poubwa, bonis, estòk, oswa valè pou manje oswa lojman patwon yo bay.

Patwon yo ka mete enfòmasyon adisyonèl nan piblisite sou frekans peman, avantaj ak lòt fòm konpansasyon yo ofri an koneksyon avèk travaym la, pwomosyon, oswa opòtinite pou transfè a, menmsi enfòmasyon sa a pa obligatwa.

### **Kijan yo pral aplike pwoteksyon konsènantransparans sou salè?**

Komisyon sou Dwa Moun ap aksepte epi ap mennen ankèt sou plent kont diskriminasyon manm piblik yo pote, tankou plent sou akizasyon sou vyolasyon nouvo lwa pwoteksyon transparans sou salè a. Biwo pou Fè Respekte Lalwa a ap kòmanse pwòp investigasyon pa li yo tou ki baze sou tès, konsèy, ak lòt sous enfòmasyon. An adisyon pou pote plent nan Komisyon an, moun ki gen reklamasyon kont patwon aktyèl yo kapab tou depoze yon plent nan tribinal sivil.

Patwon ak ajans travay yo jwenn ki vyole lwa NYCHRL a ka oblije peye domaj lajan bay anplwaye ki afekte yo, chanje piblisite ak afich yo, kreye oswa fè mizajou nan règleman yo, fè fòmasyon, bay avi sou dwa anplwaye yo oswa aplikan yo, epi angaje yo nan lòt fòm. soulajman afimatif. Komisyon an pa pral enpoze yon penalite sivil pou yon premye plent ki akize yon vyolasyon nan dispozisyon lwa sou transparans sou salè a, depi patwon an montre li te ranje vyolasyon an nan 30 jou apre li resevwa avi Komisyon an sou vyolasyon an. Patwon ki kouvri yo ka oblije peye penalite sivil jiska \$250,000 pou yon premye vyolasyon nan nouvo lwa a ki pa regle, ansanm ak nenpòt vyolasyon ki vin apre yo. Enfòmasyon konsènan pwosesis pou soumèt prèv sou yon vyolasyon ki fikse epi pou konteste yon penalite sivil pou yon vyolasyon sou nouvo pwoteksyon transparans sou salè a disponib sou sit entènèt Komisyon an.

### **Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen kesyon sou dwa sa yo ak obligasyon oswa ta renmen rapòte diskriminasyon?**

Rele Komisyon sou Dwa Moun nan (212) 416-0197 oswa vizite NYC.gov/Human rights. Ou ka depoze yon plent, kite yon enfòmasyon anonim, aprann plis sou responsablite ou, oswa enskri pou yon atelye fòmasyon gratis.